



## **Maladi Kowonaviris 2019 (KOVID-19): Kesyon yo poze souvan (FAQs) sou izolasyon ak Karantèn**

Mizajou, 8 oktòb 2020

**Anba direksyon Gouvènè Larry Hogan, ajans eta yo kontinye devlope plan kont prevansyon ak repons konplè e ki kowòdone pou maladi kowonaviris 2019 (KOVID-19) lan.**

**Depatman Sante Maryland (MDH) la pral kominike dirèkteman avèk piblik la, nan bay dènve enfòmasyon yo pandan sitiyasyon sa a ap devlope ak enfòmasyon ki egzat sou fason pou pwoteje tèt ou ak fanmi w.**

**Si w gen kesyon sou KOVID-19 yo pa reponn la a, rele depatman sante lokal ou a oswa rele nan 2-1-1.**

### **Ki sitiyasyon aktyèl COVID-19 nan Maryland?**

Mizajou enfòmasyon sou tès ak kantite ka nan Maryland ki disponib nan [coronavirus.maryland.gov](https://coronavirus.maryland.gov). Paj la mete ajou chak jou.

Vandredi, 4 septanm, Maryland te deplase soti nan dezyèm etap twazyèm nan "Maryland la Fò: Roadmap pou rekiperasyon an "ak plis reouvèti san danje epi gradyèl nan pifò aktivite yo ak distans sosyal ak kondisyon pwoteksyon figi. Twazyèm etap la pral aplike nan plizyè faz ak yon apwòch fleksib ak kominote ki baze sou ki pèmèt jiridiksyon diferan pran desizyon konsènan tan an nan relouvri. Pou estati a relouvri nan Jiridiksyon Maryland, tanpri al gade <https://governor.maryland.gov/recovery/>.

Moun ki abite nan Maryland yo konseye yo konsidere tout direktiv sante piblik leta ak lokal yo:

- Tout moun ki abite nan Maryland ki gen anpil laj epi ki gen pwoblèm sante ki kache yo konseye yo evite fowl moun akòz risk pou ogmante COVID-19
- Anplwayè yo ta dwe kontinye ankouraje teletravay pou anplwaye yo chak fwa sa posib
- Tout moun ta dwe kontinye mete mask oswa kouvèti figi nan plas piblik, biznis, ak sou transpò piblik
- Moun ki abite nan Maryland ta dwe kontinye pratike distansman fizik, rete yon mèt apa lè posib

Ou ka jwenn enfòmasyon sou repons aktyèl administrasyon Hogan nan COVID-19 nan adrès sa a <https://governor.maryland.gov/coronavirus/>.

### **Ki diferans ki genyen ant karantèn ak izolman?**

**Izolman** se separasyon moun ki gen KOVID-19 ak lòt moun. Moun ki nan izolman dwe rete lakay yo epi separe tèt yo ak lòt moun toutotan sa a posib. Yo ta dwe evite pataje manje, objè, enstalasyon twalèt ak chanm pou dòmi, ansanm ak kontak ak bèt kay.

**Karantèn** se pou moun ki te ekspoze nan KOVID-19 paske yo te nan kontak sere avèk yon moun ki gen KOVID-19 la. Moun sa yo ka oswa yo ka pa vin malad. Moun ki nan karantèn ta dwe rete lakay toutotan sa a posib pou 14 jou, limite kontak yo ak lòt moun epi kontwole tèt yo byen avèk sentòm KOVID-19 yo. Pifò moun ki pral malad pral malad nan 2 a 14 jou apre yo fin ekspoze.

### **Ki sa ki konte tankou kontak sere?**

Yo defini Kontak ki sere nan CDC, tankou si w te a yon mèt pou pi piti de yon moun ki enfekte, pou pi piti 15 minit, sòti 2 jou anvan maladi a parèt (oswa, pou pasyan ki pa gen sentòm yo, 2 jou anvan yo pran echantyon yo) jiskaske pasyan an izole.

### **Mwen fenk teste pozitif pou KOVID-19. Kisa pou mwen fè?**

Swiv oryantasyon founisè swen sante w la. Pifò moun ka refè lakay yo. Li enpòtan pou w rete lakay ou epi pran swen tèt ou. Rete lwen, oswa izole w ak lòt moun yo toutotan w kapab. Li konsèy sou CDC nan [Kisa pou w fè si w malad](#). Pa gen vizitè, sof si se yo k ap pran swen w.

### **Kilè li an sekirite pou m reprann aktivite nòmal aprè mwen te finn sòti nan izolman?**

Pifò moun ki gen sentòm KOVID ka swiv twa kondisyon CDC yo anvan yo ale nan mitan lòt moun:

1. Sa a fè pou pi piti 10 jou depi w te santi w malad pou premye fwa, EPI
2. Sa a fè pou pi piti 24 èdtan depi w te gen lafyèv san w pa pran medikaman pou diminye li, EPI

3. Tout lòt sentòm KOVID-19 yo vinn amelyore.

Si w teste pozitif men w pa gen okenn sentòm epi w kontinye anfòm, ou ka avèk lòt moun 10 jou aprè w fin teste pozitif.

Lè w bò kote lòt moun, sonje rete sis pye apa epi mete yon mask pou kouvri figi w.

Oryantasyon sa a kapab chanje nenpòt moman. Pale ak founisè swen sante w sitou si w gen yon kondisyon sante ki gen anpil risk oswa si w gen 65 lane oswa plis. Ou ka bezwen rete lwen lòt moun ankò pou plis tan.

### **Kilè li an sekirite pou w reprann aktivite nòmal apre mwen te nan karantèn?**

Si w rete san sentòm, li anjeneral san danje pou w kontinye aktivite nòmal lè 14 jou pase depi dènye kontak ou avèk yon moun ki gen KOVID-19.

### **Èske y ap repòte rezilta tès pozitif KOVID-19 mwen an bay yon lòt moun?**

Wi. Daprè lalwa Maryland, y ap repòte rezilta tès pozitif ak KOVID-19 yo bay Depatman Sante Maryland ak Depatman Sante lokal yo. Sepandan, yo pa pral pataje enfòmasyon w yo ak piblik la, oswa nan kontak investigasyon ankèt la, ni tou ak moun ki ka gen kontak sere avèk ou. Gade [covidLINK](#).

### **Ki sentòm ki bezwen atansyon medikal touswit yo?**

Rele 911 oswa ale nan founisè swen ijans ki pi pre a si w genyen:

- Pwoblèm respirasyon
- Doulè pou anpil tan oswa presyon nan pwatrin
- Lide pa klè
- Enkapasite pou reveye oswa rete reveye
- Bouch oswa figi koulè ble

Kite 911 oswa founisè a konnen w gen KOVID-19. Sa a ap ede yo konnen kijan pou yo pran swen w epi evite pou lòt moun yo pa enfekte.

### **Kòman mwen ka pwoteje fanmi mwen oswa moun kap ban m swen an pandan m ap rekipere nan KOVID-19 nan kay la?**

Eseye rete lwen lòt moun toutotan sa a posib. Eseye rete nan yon sèl chanm epi, si w kapab, pa sèvi nan menm twalèt ak yo. Lè w nan prezans lòt moun, mete yon mask ki pou kouvri figi w epi mande yo pou yo mete youn tou. Tout moun ta dwe lave men yo souvan. Evite pataje bagay tankou asyèt, sèvyèt oswa kabann. Asire w tout zòn yo plis manyen yo dezenfekte chak jou. Gade [kòman pou pran swen yon moun malad nan kay la](#).

Konsèy pou moun k ap bay swen:

- Lave men w souvan.
- Evite manyen zye w, nen ou ak bouch ou.
- Espas ki pataje nan kay la ta dwe gen bon lè k ap sikile. Si w kapab, louvri yon fenètswa itilize yon vantilatè. Sa a ap ede retire ti gout respiratwa KOVID-19 nan lè a.
- Mete yon mask ak gan ou ka jete lè w manyen oswa ou gen kontak avèk pasyanan, sitou lè w gen kontak avèk san yo, pou pou yo, oswa likid kò yo, tankou krache, krache lè yo touse, glè nan nen, vomisman, pipi.
- Lave rad ou yo oswa dra kabann ki gen san, pou pou yo, oswa likid kò sou yo. Kenbe atik sal yo lwen kò ou. Lave rad yo byen.
- Lè w ap retire gan ak mask, premyèman retire gan yo epi jete yo. Lè sa a, lavemen w touswit. Aprè sa a, retire epi jete tout mask figi epi lave men w ankò.
- Jete mask sou figi yo ak gan ki ka jete yo apre w fin itilize yo. Pa itilize ankò.
- Mete tout gan ki ka jete yo itilize yo, mask ak lòt atik ki kontamine nan yon bwatfatra ki ka kouvri. Lave men w yon fwa apre w fin manyen bagay sa yo.
- Netwaye, chak jou tout sifas “kote yo toujou ap manyen”, tankou kontè, tab, manchpòt, enstalasyon twalèt yo, twalèt yo, telefòn yo, klavye yo, tablèt yo epi tab nwityo. Epi tou, netwaye tout sifas ki ka gen san, pou pou yo, oswa likid kò sou yo.
- Moun nan kay la ta dwe pran swen nenpòt bèt domestik ki nan kay la. Pamanyen bèt domestik oswa lòt bèt pandan w malad la. Pou plis enfòmasyon, gade [KOVID-19 ak Bèt yo](#).